
# Kufa kwaJesu




**“Zvechokwadi, anga ari Mwanakomana waMwari!”**
**MATEO 27:54**

## **MATEO 27:33, 35-46, 50-54** - *Kufa kwaJesu*

**33Vakasvika panzvimbo inonzi Gorokota, (zvinoreva kuti Nzvimbo
yeDehenya). 35Vakati vamuroverera pamuchinjikwa, vakagovana
nguo dzake vachiita zvokukanda mijenya. 36Uye vakagara pasi,
vakamurinda. 37Pamusoro pake vakaisa rugwaro rwemhosva
yake rwaiti: "UYU NDIJESU, MAMBO WAVAJUDHA."**

**38Makororo maviri akarovererwawo pamwe chete naye,
mumwe kurudyi mumwe kuruboshwe. 39Vaya vaipfuura napo,
vakamutuka vachidzungudza misoro yavo 40uye vachiti, "Iwe
uri kuzoputsa temberi uchizoivakazve mumazuva matatu,
chizviponesa! Buruka pamuchinjikwa kana uri Mwanakomana
waMwari!" 41Nenzira imwe cheteyo, vaprista vakuru, navadzidzisi
vomurayiro navakuru vakamuseka vachiti, 42"Akaponesa vamwe,
asi haagoni kuzviponesa! Ndiye Mambo weIsraeri! Ngaaburuke
zvino pamuchinjikwa tigotenda kwaari. 43Anovimba naMwari
ngaachimununura iye zvino kana achimuda, nokuti akati, 'Ndiri
Mwanakomana waMwari.'"**

**44Nenzira imwe cheteyo makororo akanga arovererwa pamwe
chete naye akamutukawo. 45Kubva panguva yechitanhatu kusvika
panguva yepfumbamwe rima rakavapo panyika yose. 46Nenguva
inenge yepfumbamwe, Jesu akadanidzira nenzwi guru achiti,
"Eroi, Eroi, rama sabhakitani?" zvichireva kuti, "Mwari wangu!
Mwari wangu, mandisiyireiko?"**

**50Uye Jesu akati adanidzira nenzwi guru, akabudisa mweya
wake. 51Panguva iyoyo chidzitiro chomutemberi chakabvaruka
napakati kubva kumusoro kusvika pasi. Nyika yakadengenyeka,
uye mabwe akatsemuka. 52Makuva akazaruka, mitumbi
yavatsvene vazhinji vakanga vakafa ikamutswa kuupenyu.
53Vakabuda mumakuva, uye shure kwokumuka kwaJesu
vakapinda muguta dzvene uye vakaonekwa navanhu vazhinji.
54Mukuru wezana navaya vaakanga anavo vakarinda Jesu,
pavakaona kudengenyeka kwenyika nezvose zvakanga
zvaitika, vakatya kwazvo, uye vakati, "Zvechokwadi, anga ari
Mwanakomana waMwari!"**